**दिन–गुरूवार** **दिनांक–30.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक सातम आ अंतिम चरण लेल प्रचार अभियान आइ सांझ समाप्त भऽ गेल। प्रचार अभियान मे एनडीए आ इंडी गठबंधनक नेता लोकनि अपन–अपन प्रत्याशीक समर्थन मे पूरा ताकत लगा देलनि। दुनू गठबंधनक अतिरिक्त आनो राजनीतिक दल आ निर्दलीय प्रत्याशी सेहो जोर–शोर सँ प्रचार मे जुटल रहलाह। एहि चरणक अंतर्गत नालंदा, पटना साहिब, पाटलिपुत्र आरा, बक्सर, सासाराम, काराकाट आ जहानाबाद मे एक जून के मतदान हेबाक अछि।

---

चुनाव प्रचारक अंतिम दिन आइ भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कतेको संसदीय क्षेत्र मे एनडीए प्रत्याशीक समर्थन मे चुनावी सभा कयलनि। ओतहि, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा नालंदा, जहानाबाद आ पाटलिपुत्र संसदीय क्षेत्र मे एनडीए प्रत्याशीक समर्थन मे जनसंपर्क अभियान चलौलनि। लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक प्रमुख चिराग पासवान सेहो कतोको क्षेत्रक जनसभा मे सम्मिलित भेलाह। एम्हर, राष्ट्रीय जनता दलक प्रमुख लालू प्रसाद पाटलिपुत्र संसदीय क्षेत्र मे रोड़–शो आ चुनाव प्रचार कयलनि। राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आ वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी संयुक्त रूप सँ महागठबंधनक प्रत्याशीक समर्थन मे जनसभा के संबोधित कयलनि।

---

सातम चरण मे एक करोड़ बासठि लाख सँ बेसी मतदाता बारह महिला सहित एक सय चौतीस उम्मीदवारक भाग्य केर निर्णय करताह। सभ सँ बेसी उन्नतीस उम्मीदवार नालंदा संसदीय क्षेत्र मे जखनकि सभ सँ कम दस प्रत्याशी सासाराम क्षेत्र मे छथि।

---

लोकसभाक सातम चरणक चुनाव मे कतेको दिग्गज उम्मीदवार आ पूर्व केन्द्रीय मंत्री चुनाव मैदान मे छथि। आरा संसदीय क्षेत्र सँ केन्द्रीय मंत्री आर.के.सिंह भाजपाक प्रत्याशी छथि जिनक, सीधा मोकाबिला सीपीआई मालेक सुदामा प्रसाद सँ छनि। ओतहि, पटना साहिब

संसदीय क्षेत्र मे पूर्व केन्द्रीय मंत्री रविशंकर प्रसाद लगातार दोसर बेर भाजपाक प्रत्याशी छथि। हुनका विरूद्ध कांग्रेस पूर्व लोकसभा अध्यक्ष मीरा कुमारक पुत्र अंशुल अविजित के चुनावी मैदान मे उतारने अछि। पाटलिपुत्र संसदीय क्षेत्र मे पूर्व केन्द्रीय मंत्री रामकृपाल यादव आ राजदक मीसा भारती आमने–सामने छथि। काराकाट संसदीय क्षेत्र सँ एनडीए समर्थित राष्ट्रीय लोक मोर्चाक प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहा आ सीपीआई मालेक राजाराम सिंह संग भोजपुरी गायक आ निर्दलीय प्रत्याशी पवन सिंहक चुनावी मैदान मे रहला सँ त्रिकोणीय मोकाबिला भऽ गेल अछि।

---

बक्सर सीट सँ भाजपा मिथिलेश तिवारी के जखनकि, राजद सुधाकर सिंह के चुनावी मैदान मे रखने अछि। नालंदा संसदीय सीट पर जनता दल यूनाईटेडक कौशलेन्द्र कुमार आ सीपीआई मालेक संदीप सौरभ आमने– सामने छथि। जहानाबाद संसदीय सीट सँ जदयू प्रत्याशी चंदेश्वर प्रसाद चंद्रवंशी आ राजदक सुरेन्द्र प्रसाद यादवक बीच कड़गर मोकाबिला बनल अछि। सासाराम संसदीय सीट सँ भाजपाक शिवेश राम आ कांग्रेसक मनोज कुमार सिंह आमने–सामने छथि।

---

प्रदेश मे भीषण गर्मीक प्रकोप चलि रहल अछि। आद्रता बढ़लाक कारणे उमस बढ़ि गेल अछि। आइयो, प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे अधिकतम तापमान छियालीस डिग्री सँ उपर दर्ज कयल गेल। गर्मीक कारणे अस्पताल पहुँचयवला मरीजक संख्या बढ़ि गेल अछि। मुख्यमंत्रीक आदेशक बाद प्रदेशक स्कूल सभ मे आठ जून धरि शिक्षण कार्य स्थगित कऽ देल गेल अछि, जखनकि शिक्षक लोकनि के स्कूल जयबाक निर्देश देल गेल अछि। बिहार माध्यमिक शिक्षक संघ आ टीईटी उर्तीण शिक्षक संघ एहि निर्णयक विरोध कयलक अछि।

---

साहित्य अकादमी पुरस्कार सँ सम्मानित मैथिलीक लेखक आ अंतर्राष्ट्रीय मैथिली परिषदक अध्यक्ष डॉक्टर कलमकांत झाक आइ नव दिल्ली मे ब्रेन हैम्ब्रेज भेला सँ निधन भऽ गेलनि। ओ एकासी बर्षक छलाह। श्री झा जयनगर स्थित डीबी कॉलेज मे मैथिली विभागक विभागाध्यक्ष सेहो रहि चुकल छलाह। हिनक निधन पर वरिष्ठ साहित्यकार डॉ0 भीमनाथ झा, विभूति आनंद, अजीत आजाद, उदय चंद्र झा विनोद सहित आनो साहित्कार आ मैथिली सेवी लोकनि शोक प्रकट कयलनि अछि।

———————————————————————————————————

आइ हिन्दी पत्रकारिता दिवस अछि। हिन्दी पत्रकारिताक यात्रा तीस मई अठारह सय छब्बीस के पंडित जुगलकिशोर शुक्ल द्वारा शुरू कयल गेल प्रथम हिन्दी समाचार पत्र उदन्त मार्तण्ड के प्रकाशन सँ आरंभ भेल छल। ई दिन सत्य आ साहसक संग जनकल्याणक उद्देश्य सँ काज कयनिहार हिन्दी पत्रकारक विशेष योगदानक वास्ते समर्पित अछि।

———————————————————————————————————

दरभंगाक कामेश्वर सिंह संस्कृत विश्वविद्यालयक पुस्तकालय मे उपलब्ध पुस्तकक सूची विवरणीक पुस्तकालय मे विमोचण कयल गेल। उपलब्ध पुस्तक आ विलुप्त पुस्तकक विवरण सेहो राखल गेल अछि।

दरभंगाक कामेश्वर सिंह संस्कृत विश्वविद्यालय पुस्तकालय मे उपलब्ध पुस्तकक सूची विवरणीक विमोचन कयल गेल। उपलब्ध पुस्तक संग–संग विलुप्त पुस्तकक विवरण सेहो राखल गेल अछि।

———————————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।